

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Sistim téhnologi jeung pakakas mangrupa salasihiji unsur penting dina kabudayaan. Téhnologi jeung pakakas miboga fungsi pikeun nyumponan pangabutuh manusa. Téhnologi jeung pakakas minangka panglengkep kahirupan pribadi jeung sosial, anu udaganana pikeun mantuan masarakat dina kahirupan sapopoéna. Ku sabab kitu, hirup jeung kahirupan téh jadi sarwa gampang jeung gancang.

Cara-cara manusa dina ngaéksprésikeun hasil-hasil téhnologi jeung pakakas biasana dumasar kana aspék fungsional jeung aspék kaéndahan. Téhnologi jeung pakakas diancokeun pikeun kaperluan hirup manusa anu ngawengku pakakas produksi: sanjata, wawadahan, raksukan hias, kadaharan, inuman, imah, sarta transportasi (dikutip tina Kompas, 2019). Téhnologi jeung pakakas kacida dipikabutuhna ku masarakat umum, anu antukna pakakas diproduksi sacara *masal*. Salasihiji contona réa tumuwuh tradisi manday.

Tradisi manday nyaéta hiji usaha patukangan beusi nu nyieun sanjata tradisional. Ditilik tina kamekarannana, tradisi manday teu ngan saukur nyieun sanjata tapi dina mangsa ayeuna bisa ngahasilkeun pakakas nu sok dipaké dina kahirupan sapopoé contona péso, arit, bedog, jeung sajabana. Tradisi manday jadi salasihiji usaha masarakat nu miboga kaahlian dina widang ngolah beusi nu diturunkeun sacara turun-tumurun.

Hiji kagiatan anu dilakukeun sacara turun-tumurun ilaharna disebut tradisi. Tradisi salasihiji bagéan tina kabudayaan. Nurutkeun Shils (dina Sztompka, 2017 kc.72-73) tradisi ogé miboga sababaraha fungsi nyaéta (1) tradisi minangka warisan pikeun kahirupan, (2) tradisi méré légitimasi kana kayakinan sarta aturan nu aya, (3) tradisi minangka idéntitas nu ngayakinkeun sarta nguatkeun, jeung (4) tradisi minangka panglumpatan tina bangbaluh kahirupan modéren. Unggal tradisi miboga ciri hasna séwang-séwangan. Tradisi manday téh kaasup kana tradisi anu minangka warisan pikeun kahirupan ku sabab ieu tradisi nyieun téhnologi mangrupa pakakas anu dipaké ku masarakat dina kahirupan sapopoé.

Di jaman kiwari, tradisi nu geus aya sacara turun-tumurun di masarakat jadi kurang dipikawanoh lantaran ayana kamekaran jeung parobahan jaman. Saluyu jeung nu ditétélakeun ku Rohani (2018, kc.153) yén budaya deungeun di jaman kiwari téh dianggap leuwih modéren ti batan tradisi anu geus aya di masarakat. Hal-hal anu kaasup kana budaya tradisional dianggap kuno jeung teu ngirut. Ku kituna, kudu diayakeun tarékah pikeun ngungkulanana. Salasahiji carana nyaéta ngawanohkeun jeung ngadokuméntasikeun tradisi anu aya di tatar Sunda sangkan teu kaéréh ku tradisi modéren. Sok sanajan aya sababaraha upaya ti masarakat pikeun ngahuripkeun tur ngamunule tradisi Sunda (hususna di Jawa Barat), tapi dina emprona mah ieu hal teh teu nyugemakeun sabab loba keneh masarakat nu ninggalkeun éta tradisi.

Salasahiji contona aya kabudayaan anu asalna ti Majalengka nyaéta tradisi manday. Nurutkeun Kamid (2019, kc. 43) ayana tradisi manday aya nalika jaman Majapahit perang anu ngahasilkeun sababaraha pakakas kawas péso, arit, bedog, palu, pacul, jeung sajabana. Cara nyieun éta pakakas téh henteu ngagunakeun alat kawas jaman ayeuna contona ngagunakeun leungeun jeung suku pikeun dadasar beusi nu dipaké jadi alat. Salian éta, dina nyieun sakabéh pakakas tina waja téh ngagunakeun tanaga leungeun sabab beusi jaman baheula wangunna leuwih gampang diolah ti batan ayeuna. Dina prak-prakanana sok aya du'a nu husus ti sesepuh jaman baheula pikeun pakakas tina waja, sangkan ngarah gampang diolah sarta loba mangpaatna. Dina ieu tradisi manday ogé sok disadiakeun sasajén dina poé Jumaah sabada Asar nepi ka saacan Magrib jeung opat welas Mulud. Éta sasajén téh tujuanana pikeun kamaslahatan pakakas anu dijieun.

Tradisi manday teu ngan saukur aya di Kabupaten Majalengka, tapi aya ogé di wewengkon séjén, contona di Galonggong Kecamatan Manonjaya Kabupatén Tasikmalaya. Umumna masarakat Kampung Galonggong miboga pakasaban pangrajin bedog nu ayana leuwih ti 200 taun nu geus kaliwat. Nurutkeun Agustin, spk. (2019) bedog Galonggong nyaéta salasahiji produk nu kualitasna alus pisan sarta dihasilkeun ku masarakat atawa kulawarga pikeun pakakas sapopoé nu miboga ajén seni nu luhur saupama ditilik tina pérahna. Dina mangsa kiwari mah pérah anu aya dina bedog Galonggong wangunna mangrupa manuk, béda jeung

dina jaman ayeuna wangunna réa pisan contona garuda, wayang, oray, jeung sajabana. Harga bedog Galonggong téh ti 75.000, nepi ka 500.000 gumantung kana wangunna.

Di jaman kiwari loba pisan hal-hal nu mawa pangaruh kana luntarna budaya tradisional. Ieu hal saluyu ditétélakeun ku Kamid (2019, kc.45) yén dina jaman kiwari masarakat henteu panceg dina ngokolakeun tradisi manday ku sabab dina implenganana panday beusi salasihiji pagawéan nu kudu miboga kaahlian. Misalna di Désa Gelok Mulya dina jaman kiwari loba masarakat nu lulusan SMA, leuwih kataji jadi buruh pabrik ti batan jadi panday beusi. Panday beusi ayeuna anu masih nyekel pageuh tradisi manday di Kabupatén Majalengka kari 28 panday beusi, anu antukna lila kalilaan mah ieu tradisi bisa leungit ku lantaran masarakat kurang ngariksa tur ngamumulé. Ku kituna, ieu panalungtikan téh baris medar ngeunaan tradisi manday di Kabupaten Majalengka.

Ieu panalungtikan baris ngagunakeun tiori ngeunaan unsur kabudayaan jeung ajén budaya anu nyampak dina tradisi manday. Nurutkeun Koentjaraningrat (dina Liliweri 2014, kc.16-17) unsur kabudayaan téh di antarana sistem réligi, sistem organisasi kamasarakatan, sistem pangaweruh, basa, kasenian, sistem pakasaban, jeung sistem pakakas tur téhnologi. Nurutkeun Kluckhohn (dina Koentjaraningrat 2015, kc.155) lima masalah dina kahirupan manusa nu dijadikeun dadasar tina sistem ajén budaya téh di antarana masalah hakékat tina kahirupan manusa (disingget HM), masalah hakékat jeung karya manusa (disingget HK), masalah hakékat jeung kalungguhan manusa (disingget MW), masalah hakékat hubungan manusa jeung alam (disingget MA), jeung masalah hakékat hubungan manusa jeung sasama (disingget MM).

Dumasar Kompetensi Inti Kompetensi Dasar (KIKD) Basa Sunda Kurikulum 2013 revisi 2017 di SMA KELAS XII diajarkeun ngeunaan maca nu Kompetensi Dasarna 3.5. Menganalisis isi, struktur dan aspék kebahasaan teks artikel berbahasa Sunda Tim Pengembang Kurikulum Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda (2017). Nilik kana éta Kompetensi Dasar, pangajaran artikel ngeunaan budaya aya dina kurikulum. Ku kituna, artikel ngeunaan Tradisi

Manday di Kabupaten Majalengka pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA Kelas XII.

Salasahiji panalungtikan anu ngarojong kana ieu panalungtikan téh nyaéta nu dilakukeun ku Ramdhani (2017) nu medar ngeunaan *Tradisi Motong Munggel di Désa Jayamukti Kacamatan Pancatengah Kabupatén Tasikmalaya pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di Kelas XII SMA (Ulukan Sémiotik)*. Hasil tina éta panalungtikan téh kapanggih ayana tradisi dina sistim kaséhatan anu kiwari nu dilaksanakeun ku masarakat Sunda, ieu tradisi téh dilaksanakeun nalika aya masarakat anu gering. Aya deui panalungtikan kaduana nyaéta ku Fachrurrofi (2019) nu medar ngeunaan *Tradisi Babanyo di Kabupaten Bandung Barat untuk Bahan Pembelajaran di SMA*. Hasil tina éta panalungtikan téh medar ngeunaan hiji tradisi anu dilaksanakeun sanggeus ngajuru, nalika umur budak 35-40 poé. Ieu tradisi téh kawilang penting, lantaran nandakeun prosés ahir indung beurang dina ngurus budak sarta indungna. Nu pamungkas ditétélakeun ku Anggraeni (2018) nu medar ngeunaan *Tradisi Babarit Sebagai Model Bahan Ajar Kearifan Lokal di SMA (Kajian Semiotik dan Etnopedagogik)*. Ieu tradisi téh ngajéntrékeun ngeunaan salamétan lembur sangkan dijauhkeun tina gangguan sato.

Saméméhna, geus loba panalungtikan anu maluruh ngeunaan tradisi di antarana nyaéta *Tradisi Baritan di Désa Sukadana Kecamatan Compréng Kabupaten Subang pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMA Kelas XII* ku Qirana (2020), *Tradisi Mahinum di Désa Cipicung Kecamatan Cijeruk Kabupatén Bogor pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMA Kelas XII (Ulukan Sémiotik)*” ku Muliani (2021), jeung *Tradisi Hajat Sasih Mulud di Kampung Naga Désa Neglasari Kacamatan Salawu Kabupatén Tasikmalaya pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMA Kelas XII (Ulukan Sémiotik)* ku Astuti (2020).

Dina sababaraha panalungtikan di luhur tradisi manday téh can pernah aya nu ngaguar. Ku kituna, dipiharep ku ayana ieu panalungtikan anu munggaran digarap bisa méré informasi anu anyar ngeunaan budaya anu aya di tatar Sunda, hususna tradisi manday. Pentingna ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho tradisi manday tur bisa ngamumulé. Ieu panalungtikan gé dipiharep bisa méré élmu pangaweruh ngeunaan pangaruh tradisi manday nu geus jarang dimumulé jeung

kumaha cara masarakat pikeun ngahuripkeun deui ieu tradisi. Ku kituna, panalungtikan anu judulna “Tradisi Manday di Kabupaten Majalengka pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA Kelas XII kudu dilaksanakeun”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kasang tukang di luhur aya sababaraha masalah anu nyampak, nyaéta loba tradisi di tatar Sunda nu acan kapaluruh sagemblengna tur réa masarakat nu acan nyaho kana éta tradisi, hususna tradisi manday di Kabupatén Majalengka. Salian éta, loba siswa nu acan wanoh kana tradisi anu aya di tatar Sunda, hususna kagiatan tradisi manday di Kabupatén Majalengka.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang jeung watesan masalah di luhur, masalah nu bakal ditalungtik dirumuskeun dina patalékan-patalékan di handap.

- 1) Kumaha kalungguhan jeung prak-prakan tradisi manday di Kabupatén Majalengka?
- 2) Unsur jeung ajén budaya anu nyampak dina tradisi manday di Kabupatén Majalengka?
- 3) Kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA kelas XII ?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung kasang tukang sarta rumusan masalah nu geus dipedar, ieu panalungtikan miboga tujuan umum sarta husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho tradisi manday di Kabupatén Majalengka pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA Kelas XII.

1.3.2 Tujuan Khusus

Tujuan khusus tina ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Kalungguhan jeung prak-prakan tradisi manday di Kabupatén Majalengka,
- 2) unsur jeung ajén budaya anu nyampak dina tradisi manday di Kabupatén Majalengka, jeung
- 3) larapna tradisi manday dina bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA Kelas XII.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku opat aspék, nyaéta 1) mangpaat tioritis, 2) mangpaat praktis, 3) mangpaat isu jeung aksi sosial, sarta 4) mangpaat kawijakan.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun ngeuyeuban élmu pangaweruh ngeunaan budaya hususna tradisi manday di Kabupatén Majalengka, sarta dijadikeun référénsi pikeun bahan pangajaran basa Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Pikeun guru, nyiapkeun bahan bacaan pangajaran tradisi manday di Kabupatén Majalengka.
- 2) Pikeun siswa, ngawanohkeun tradisi manday di Kabupatén Majalengka tur dipiharep bisa numuwuhkeun kareueus kana tradisi nu aya di tatar Sunda.
- 3) Pikeun masarakat, hasil ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan kareueus ngeunaan tradisi manday di Kabupatén Majalengka sarta méré motivasi pikeun masarakat hususna nonoman jaman kiwari sangkan miboga tarékah pikeun ngamumulé budaya Sunda.
- 4) Pikeun panulis, ieu panalungtikan bisa ngeuyeuban pangaweruh panulis ngeunaan budaya, hususna ngeunaan tradisi manday di Kabupatén Majalengka.

1.4.3 Manfaat tina Segi Kawijakan

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep sangkan Dinas Pariwisata dan Kebudayaan Kabupatén Majalengka sarta Provinsi Jawa Barat, bisa ngahirup-huripkeun kana asét budaya sarta bisa jadi bahan publikasi pikeun ngawanohkeun jembarna tradisi manday di Kabupatén Majalengka.

1.4.4 Manfaat tina Segi Aksi Sosial

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep méré informasi ngeunaan budaya nu aya di tatar Sunda hususna tradisi manday di Kabupatén Majalengka.

1.5 Raraga Tulisan

Hasil tina ieu panalungtikan téh disusun jadi lima bab. Raraga tulisan dina ieu panalungtikan téh aya sababaraha nyaéta BAB I ngawengku kasang tukang panalungtikan, watesan masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan. BAB II ngawengku ulikan tiori, anu dipedar di antarana konsép budaya, tradisi, sarta bahan pangajaran, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir. BAB III ngawengku métode panalungtikan, desain panalungtikan, lokasi jeung sumber data panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, data, sarta sumber data. BAB IV ngawengku hasil panalungtikan jeung pedaran, eusina ngajelaskeun sarta ngadéskripsikeun kalungguhan tur prak-prakan tradisi manday, unsur jeung ajén budaya nu nyampak dina tradisi manday jeung bahan pangajaran maca artikel budaya (tradisi manday) di SMA kelas XII . BAB V ngawengku kacindekan, implikasi, jeung saran.